

Pou Piblikasyon Imedya: 11/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON SOU PWOJÈ  
5.1 MILYON DOLA POU AMELYORE ENFRASTRIKTI DRENAJ NAN VIL  
CLARKSTOWN**

***Amelyorasyon yo Pral Diminye Inondasyon, Prezève Entegrite Wout Evakyasyon  
Kle yo Ak Pwomouvwa Aksè Pou Veyikil Ijans yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman Pwojè Amelyorasyon Drenaj Cranford Drive la, yon efò 5.1 milyon dola pou enstitiye enfrastrikti drenaj amelyore nan Vil Clarkstown. Devlope pa manm Komite Rekonstriksyon Kominotè NY Rising (NY Rising Community Reconstruction (NYRCR) Committee) local la, pwojè a pral redui inondasyon ki te rive nan zòn nan sou 30 ane pase yo atravè modifikasyon ak reyalyiman Demarest Kill la, yon afliyan branch lwès Rivyè Hackensack la.

"Enfrastrikti fyab enpòtan pou pwoteje kominote yo epi pwomouvwa sekirite piblik fas ak evènman meteyowolojik ekstrèm yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa a non sèlman pral anpeche inondasyon nan move tan yo, li pral ankouraje tou wout prensipal yo, ki rann Clarkstown pi fò epi pi rezilyan pou nenpòt kondisyon meteyowolojik Manman Lanati genyen an rezèv."

"Abitan yo nan Vil Clarkstown te oblije fè fas ak inondasyon pandan plizyè deseni, epi evènman meteyowolojik ekstrèm yo kòm Sipètanpèt Sandy te rann bagay sèlman pi difisil", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te fè anons lan jodi a te deklare.** "Avèk 3 milyon dola nan finansman Eta a ak yon patenarya avèk gouvènman lokal yo, pwojè enfrastrikti sa a pral amelyore rezilyans fas ak move tan ak kalite lavi pou abitan Konte Rockland yo."

Pandan Ouragan Irene ak Sipètanpèt Sandy, dlo ki te monte rapidman te devèse nan bèj kouran dlo y, sa ki te inonde pon yo ak ti pon yo epi limite aksè sou wout prensipal kle yo. Pwojè a - ki pral finalman kreye yon kanal avèk dimansyon apwopriye yo pou konteni inondasyon, mentni fli yo ak limite ewozyon bèj - ap finanse pa Biwo Rekonstriksyon apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery, GOSR) an patenarya ak Konte Rockland ak Vil Clarkstown.

Gouvènè Cuomo te etabli Pwogram NYRCR a apre Sipètanpèt Sandy, Ouragan Irene ak Tanpèt Twopikal Lee pou responsabilize abitan yo nan pwosesis rekiperasyon ak rezilyans lan, epi adrese bezwen espesifik ak moyen kominote pa yo. Pwojè Amelyorasyon Drenaj Cranford Drive la, Vil Clarkstown ap egzekite konye a, se yonn nan plizyè santèn pwopozisyon ki konsevwa lokalman yo k ap avanse nan Pwogram NYRCR lan nan tout eta a.

Atravè Pwojè Amelyorasyon Drenaj Cranford Drive la, apwoksimativman 4,650 pye lineyè kabann ak bèj Demarest Kill la, ki sitiye nan sid Old Route 304 epi ki nan sans paralèl ak Cranford Drive la, pral reyalye ak ranfòse. Kòm kanal la ap rekonfigire pou amelyore fli kouran, plantasyon divès ti pyebwa ak pyebwa pral pi devan diminye inondasyon atravè itilizasyon resous natirèl yo.

Reparasyon yo ap fèt nan tout Cranford Drive, Bush Court, Craigmere Oval ak Ridgefield Drive avèk objektif pou pwoteje lavi ak pwopriyete pandan evènman move tan nan lavni yo. GOSR te bay 3 milyon dola pou fasilite pwojè a, avèk yon lòt milyon dola ki soti nan fon Ajans Drenaj Konte Rockland. Vil Clarkstown te bay 1.1 milyon dola bon adisyonèl.

Atravè entèvasyon li yo, pwojè a pral pèmèt vil la pou chèche yon reklasifikasyon kat inondasyon an nan men Ajans Jesyon Ijans Federal la (Federal Emergency Management Agency), pou korije yon erè nan kat avan an epi jenere ekonomi pou Nouyòkè yo sou prim asirans kay yo.

**Emily Thompson, Avoka Jeneral Pwovizwa ak Ofisye Prensipal pou Relasyon Ekstèn yo nan Biwo Rekonstriksyon apre Tanpèt Gouvènè a te deklare,** "Abitan Clarkstown yo malerezman twò abitye avèk evènman inondasyon majè yo. Atravè Pwojè Drenaj Cranford Drive la, nou pral pwoteje sante, sekirite ak byennèt sila yo ki ap viv ak travay nan epi ozalantou Vil Clarkstown. Nou fyè pou rejwenn Gouvènè Cuomo ak Gouvènè adjwen Hochul nan powomouvwa dirabilite alavni gran Eta nou a".

**Senatè David Carlucci te deklare,** "Finalman, rezidan nou yo pral genyen soulajman epi kay yo pral pi byen pwoteje kont gwo lapli oswa evènman meteyowolojik grav. Pwojè sa a se yon eganp travay tèt ansanm Eta a, Konte Rockland, ak Vil Clarkstown pou amelyore yon kesyon siyifikatif sou kalite lavi".

**Manm Asanble Ken Zebrowski te deklare,** "Inondasyon yo abitan yo te sibi yo atravè twa deseni yo ta dwe finalman rive nan bout yo. Sa se yon bagay Vil Clarkstown t ap travay sou li ak dilijans pandan plizyè ane, epi mwen santi m kontan dèske pwojè sa a ap konkretize. Mwen vle remèsye Gouvènè a ak Biwo Rekonstriksyon apre Tanpèt li a pou atansyon yo ak pwojè sa a ak pou finansman enpòtan an pou ede reyalye li. Mwen vle etann gratitud mwen tou ak Vil Clarkstown Lan ak Ajans Drenaj Konte Rockland, epi tou ak abitan yo ki te tèlman pasyan atravè tout pwosesis sa a".

**Sipèvizè Vil Clarkstown George Hoehmann te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ekip devwe a nan Biwo Rekonstriksyon apre Tanpèt Gouvènè a ak Konte Rockland pou sipò yo pou pwojè sa a. Pwojè sa a gen anpil enpòtans pou ede moun ki ap viv isit la epi ki te soufri avèk kesyon inondasyon yo pandan plizyè ane".

**Abitan Zòn nan Mike Catina te deklare,** "Aprè plizyè ane soufrans avèk inondasyon grav sou pwopriyete mwen, se yon rekonfò pou m konnen ke yon solisyon alontèm pral finalman adrese kesyon inondasyon yo pou abitan yo ak zòn New City".

Ansanm, plis pase 650 Nouyòkè te sèvi nan 66 Komite Planifikasyon (Planning Committee) NYRCR a nan tout Eta a epi te pwopoze ansanm plizyè santèn pwojè bezwen ak richès inik rejyon yo a te enspire yo. Kolektivman, Komite NYRCR yo te fè

650 reyinyon planifikasyon ak 250 gwo evènman angajman piblik pandan yo t ap travay pou rekonstwi kominote ki pi dirab yo, ranfòse enfrastrikti, diminye risk ki asosye ak pèt ak domaj dezast alavni, epi estimile revitalizasyon an.

GOSR te etabli nan mwa Jen 2013 pou kowòdone efò rekiperasyon nan tout Eta a pou Sipètanpèt Sandy, Ouragan Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee. Atravè Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising, pwogram Ti Bisnis (Small Business), pwogram Rekonstriksyon, Enfrastrikti Kominotè ak Rekonstriksyon apati Konsepsyon (Community Reconstruction, Infrastructure and Rebuild by Design programs) li yo, GOSR envesti 4.5 milya dola nan Sibvansyon Global Devlopman Kominotè - Rekiperasyon apre Dezast (Community Development Block Grant-Disaster Recovery) federal la pou pi byen prepare New York pou evènman meteyowolojik ekstrèm yo. Plis enfòmasyon sou GOSR ak pwogram li yo disponib sou entènèt nan <http://stormrecovery.ny.gov/>.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)